

DIPUNAMPUNI KALIHAN GUSTI

GOSPEL **316**

**“Anggitane Prabu Dawud. Kidung piwulang.
Rahayu wong kang kaapura panerake, kang
dosane kaaling-alingan!” Masmur 32:1**

umindak ingkang kita tindakaken (salebeting Alkitab dipunsebat dosa) misahaken kita saking Allah. Kita prelu dipunampuni kalihan Gusti supados saged tumindak becik klaihan Gusti ... supados siyaga kangge kalanggengan. Pangampunan ingkang Alkitabiah sanes pranyatan Gusti ingkang nedahaken bilih panjenenganipun badhe nilaraken dosa-dosa kasebut lan badhe paring pangampunan marang paukuman ingkang asipat sejati saking dosa-dosa kasebut. Boten, dendha punika kedah dipunbayar. Pawarta sae (injile) punika bilih Yesus (manungsanipun Allah ingkang boten anggadhahi dosa) sampun mbayar langkung rumiyin pukuman kasebut kange panjenengan sadaya kanthi ludiranipun salebeting kasedan ing Kayu Salib. Saged dipunmangertosi, bilih panjenenganipun minangka sulih sarira saking panjenengan sadaya. Yesus dados sulih sarira saking pangorbanan panjenengan sadaya. Nanging puniku boten cekap. Pembayaran kedah dipuntindakaken kalihan panjenengan sadaya ... dipunkreditaken dhateng akun panjenengan. Pitakenan ingkang baku, kadspunsi bab puniku saged dumadi? Punika dumadi nalika panjenengan sadaya nindakake tobat (nilaraaken dosa-dosa saking Allah) lan pitados marang Yesus. Lan salajaengipun, lan sasampunipun puniku, panjenengan dipunampuni kalihan Gusti.

PRAKAWIS KITA ... INKANG MISAHAKEN.

“Marga kabeh wong wis padha gawe dosa sarta koncatan ing kamulyaning Allah.” Roma 3:23

“Nanging kang dadi sesinggetan ing antarane kowe lan Gusti Allahmu iku sakehing pialamu, tuwin kang njalari Panjenengane asingidan ana ing ngarepmu, satemah banjur ora mireng, iku sakehing dosamu.” Yesaya 59:2

“lan ndhawahake piwales marang wong-wong kang padha ora gelem wanuh marang Gusti Allah sarta ora mbangun-miturut marang Injile Gusti Yesus, Gusti kita. Wong-wong iku bakal nglakoni paukuman, nandhang karusakan salawase, diedohake saka ing pangayunaning Pangeran lan saka ing kamulyaning panguwaose.” 2 Tesalonika 1:8-9

“Awit pituwase dosa iku pati, balik sih-peparinge Gusti Allah iku urip langgeng ana ing Sang Kristus Yesus, Gusti kita.” Rum 6:23

“Awitdene ing nalika kita isih padha apes, ana ing wektu kang pinesthi dening Gusti Allah, Sang Kristus wus nglampahi seda kanggo kita para wong duraka.” Rum 5:6

CARANIPUN GUSTI ... MINANGKA GANTOSIPUN

“Awitdene Gusti Allah anggone ngasihi marang jagad iku nganti masrahake Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengane aja nganti nemu karusakan, nanging nduwenana urip langgeng.” Yohanes 3:16

“Katresnan iku mangkene: Dudu kita kang wus padha tresna marang Gusti Allah, nanging Gusti Allah kang wus nresnani kita lan wus ngutus Kang Putra minangka pangruwating dosa kita.” 1 Yohanes 4:10

“Nanging Gusti Allah wus ngatingalake sihe marang kita, awit Sang Kristus wus nglampahi seda kanggo kita, nalika kita isih padha kawengku ing dosa.” Roma 5:8

“Panjenengane piyambak wis ngrembat dosa kita ing sarirane ana ing kayu salib, supaya kita sawise mati pisah saka dosa, padha urip cumadhang ing kayekten. Marga saka bilur-bilure kowe wus padha rahayu.” 1 Petrus 2:24

“Nanging sapa bae kang nampani Panjenengane [Yesus], iku diparingi wewenang dadi para putraning Allah iya iku kang padha pracaya marang asmane,” Yohanes 1:12



MARGI PANJENENGAN TUMUJU MARANG PANGAMPUNAN ... SUPADOS PITADOS SALABETING GUSTI YESUS

“Inggih Panjenenganipun [Yesus] punika ingkang dipun sekseni para nabi sadaya, bilih sinten ingkang pitados dhateng Panjenenganipun, badhe tampi pangapuntinging dosa margi saking asmanipun.” Kisah Para Rasul 10:43. “supaya ing jaman kang bakal kalakon Panjenengane ngatingalake marang kita anggone sugih sih-rahmat kang luber-luber cundhuk karo kasaenane marang kita ana ing Sang Kristus Yesus. Sabab anggonmu padha kapitulungan rahayu iku saka sih-rahmat marga pracaya; lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparinge Gusti Allah” Efesus 2:8-9. Panjenengan saged pitados marang (boten cekap amung pitados kemawon marang) Yesus kanthi nindakaken tobat ... puniku kanthi ningkataken raos iman marang Yesus. Donga puniki minangka cara panjenengan kangge nindakaken bab puniku. Puniki sanes sumpah utawi mantra Dedongaa manawi bab puniku estu saking krenteging manah panjenengan.

Gusti

Kula akeni ... kula punika tiyang ingkang anggadhahi dosa.

Kula tobat ... kula milar marang panjenengan saking dosa kula.

kula pitados marang Yesus ... bilih minangka Gusti,

panjenenganipun seda ing Kayu Salib kangge kula.

Kula ngaturi panjenenganipun supados dados Juruslamet kula.

Amin

Yesus mbayar paukuman saking dosa-dosa panjenengan. Lan pitados marang Yesus, bilih panebusipun sampun dados panebusipun panjenengan sadaya.

Panjenengan dipunampuni kalihan Gusti. Lan Gusti ngendika bilih panjenengan sadaya aman kangge salaminipun. Yokanan 3:16.

“Anggitane Prabu Dawud. Kidung piwulang. Rahayu wong kang kaapura panerake, kang dosane kaaling-alingan!” Masmur 32:1

PDF Gratis dipunampuni kalihan Gusti ing basa sanes dipunsambungaken saking Gospel316.org .

Manawi panjenengan sadaya tulus dedonga, panjenengan sadaya diampuni kalihan Gusti lan panjenengan saaya aman kalihan Gusti ing salaminipun. Sedanipun Yesus minangka kurban sampun paring pangampunan tumrap panjenengan sadaya. Allah sampun janji bilih panjenengan sapunika anggadhahi panguripan ingkang langgeng minangka gadhahan panjenengan sapunika ... panjenengan boten badhe dipunbeta dhateng penghakiman ... lan bilih panjenengan sampun pindhah saking kasedan ing salebeting panguripan. Yokanan 5:24. Panjenengan aman karena boten wonten ingkang saged ngrebat panjenengan saking astanipun ingkang Maha Kawasa. Panjenenganipun ingkang nyepeng panjenengan, sanes panjenengan ingkang nyepeng panjenenganipun. Yesus ngandika *"apadene padha Dakwenehi urip langgeng, lan dheweke mesthi ora bakal padha nemu karusakan salawas-lawase lan ora bakal ana wong kang ngrebut wedhus-wedhus iku saka ing tanganKu,"* Yokanan 10:28-29.

Manawi panjenengan dereng siyaga anggenipun ngucapaken donga puniku, dadosaken puniku minangka bab kang utama tumrap panjenengan sadaya. Keputusan panjenengan sadaya dados kepentingan lan konsekuwensi ingkang langgeng. Boten wonten kesempatan kaping kalih, sasampunipun seda, *"Kayadéné manungsa anggoné katetepaké mati mung sapisan baé, lan sawisé iku diadili,"* Ibrani 9:27. Manawi pitakenan panjenengan sadaya dereng dipunwangsuli ingkang ngalangi keputusan panjenengan, matra marang tiyang paring pitakenan puniki marang panjenengan sadaya pangampunan.

Ilustrasi lan Definisi

Pengampunan.

Pangampunan ingkang Alkitabiah nuntut pembayaran paukuman saking dosa kita. Paukuman tumrap dosa punika wujudipun pemisahan langgeng saking Allah. pengampunan ingkang Alkitabiah punika pemindahan dosa panjenengan sadaya lan paukumanipun saking Allah marang Yesus. Allah maringaken dosa kita lan paukumanipun marang Yesus ingkang boten anggadhahi dosa. Lan lajeng Gusti paring kaleresanipun marang kita. Kadosipun wonten kalih buku ing suwarga. Kapisan, buku cathetan panjenengan, wonten tandha ing salebetipun nalika panjenengan nindakaken kalepatan. Kaca: kaca dipunkebaki kalihan tandha. Alkitab kanthi cetha ngandharaken bilih ing saperangan bab ingkang kit tindakaken punika dosa (dosa karena nindakaken sawijine prakawis) lan saprengan bab pemikiran ugi saged kalaebet dosa (dosa karena sembrana) ugi, saperangan pemikiran ugi saged kalebet dosa. Tiga dosa saben ari sami kalihan 1000 saben taun. Saumur gesang, puniku kathah sanget dosanipun. Buku sanesipun punika buku cathetan Yesus ingkang boten anggadhahi dosa. Saben kaca tansah resik. Nalika panjenengan piados marang Yesus, sampul kekalih buku punika kados dene ijolan. Lajeng buku kanthi nama panjenengan sadaya ing sainggilipun dados resik. Dosa panjenengan sadaya lan paukumanipun dados ical. sawijine cara ingkang cetha.

Sawijining cara ingkang cetha.

Pangadikane Gusti Yesus, *"Aku iki dalane, sarta jatine kayekten lan kauripan. Ora ana wong siji-sija kang bisa sowan marang Sang Rama, manawa ora metu ing Aku,"* Yokanan 14:6. Solusi lkitab tumrap pepisahan kita saking Allah karena dosa kalebet unik. Agama sanesipun majibaken kita nglampahi kelanggengan kanthi dosa-dosa kita kanthi pangajeng-ajeng bilih Gusti ing ngrika badhe nilaraken dosa-dosa kita ... cara Yesus unik karena paring pangampunan marang dosa-dosa kita ... adamel suci kita. Lajeng kita marak marang Gusti lan kalanggengan kanthi dosa-dosa kita dipunampuni karena dipunpindhah dhateng Yesus. Rasul petrus ngandika, *"Kaliyan malih boten wonten karahayon wonten ing sintena kemawon, kajawi wonten ing Panjenenganipun, amargi ing sakurebing langit punika boten wonten asma sanesipun ingkang kaparingaken dhateng manungsa, ingkang dados margining karahayon kita."* Kisah Para Rasul 4:12. Rasul Paulus anyerat *"Amarga Gusti Allah iku asipat tunggal, samono uga Panjenengane kang dadi pantawis kiat ing antarane Gusti Allah lan manungsa iku uga mung siji, yaiku Sang Manungsa Kristus Yesus, kang wus masrahake sarirane minangka panebus kanggo wong kabeh: iku kang dadi paseksen ing wektu kang wus pinasthi."* 1 Timotius 2:5-6. Margi Yesus punika cara ingkang nyata.

Pitados dhumateng Yesus.

Pitados dhumateng Yesus langsung saking samadya *pitados babagan* Yesus. Upami panjenengansadaya punika penumpang pesawat ingkang iber dhuwur sanget ing sanginggile gunung nalika dumadakan mesin mati la mati. Pesawat nembe mandhap tumuju ing kacilakan kang mbebayani sanget. Pilot ndhawuhake sadaya tiyang ngangge parasut lan medal saking pesawat lumantar lawing ingkang bikak. Panjenengan sadaya tamu mangertos babagan parasut. Panjenengan sadaya nate ningali ing TV. Nanging sapunika benten. Lumampah medal saking lawang pesawat ingkang bikak merlokaken langkung saking *pitados babagan* parasut ... nanging merlokaken *pitados marang* parasut. Las tas punggung tumrap pedhaki boten badhe wonten ginanipun. Gesang panjenengan sadaya merlokaken parasut ingkang tepat ... medal tanoa parasut punika kasedan. Lumampah kanthi parasut punika komitmen iman 100 persen. Panjenengan manawi anggadhahi raos ragu ... nanging gesang panjenengan merlokaken kapitayan sejati dhateng parasut. Yesus punika satunggaling parasut ingkang langgeng lan sejati. Lumampaha kanthi iman. Pitados marang Panjenenganipun!

Pituduh pacithakan. pacithakaken kalih sisi dhateng satunggal kaca ingkang dipunprayogakaken. Cithak kanthi warna utawi cithak kanthi cemeng pethak.

Dipunampuni kalihan Gusti © 2024 diterbitaken kalihan acts one eight lan asalipun saking www.Gospel316.org. Panjenengan sadaya saged bebas nyithak, nyalin, mosting, tawi ngirimaken tanpa ewah-ewahan kanthi nyartakaken pranyatan jangkep puniki. Nanging, panjenengan saged nambah nama utawi logo paladosan utawi gereja panjenengan sadaya dhateng salebetipun. Kisah setunggal wolu dipundhasaraken dhateng Alkitab mawon. Puniku wonten kangge mbiyantu tiyang-tiyang ingkang iman marang Yesus Kristus lan salajengipun ngrembaka dados murid-muridipun. Paladosan penerjemahan kangge versi non Inggris dipunsedhiakaken kalihan www.ChristianLingua.com. Kutipan Alkitab ing versi Inggris kanga New American Standard Bible (NASB). Kutipan Alkitab ing versi puniki asalipun saking "DIPUNLEBETAKEN NAMA ALKITAB ING NGRIKI".

